

Inondasyon — kisa pou fè

drspmtl.ca/inondations

DANJE ELEKTRIK



- Si gen dlo lakay ou, pa sèvi ak okenn aparèy elektrik.
 - Pandan oswa apre inondasyon: rele Hydro-Québec pou koupe kouran epi pale ak yon elektrisyen avan ou remete kouran an.
- Si sa posib, anvan inondasyon: Koupe kouran an.

DANJE: MONOKSID KABÒN (CO)



- Pa janm sèvi ak aparèy ki boule (gaz, pwopàn, elatriye) andedan kay la, menm si fenèt la louvri. Yo pwodui monoksid kabòn (CO), yon gaz ki ka touye moun.
- Mete yon detektè CO nan chak etaj ak toupri chanm yo. Si li sonnen, soti touswit epi rele 911.

RETOUNEN LAKAY OU



- Retounen lajounen pou wè danje yo. Netwaye ak gan, bòt kawotchou ak mask N95.
- Evite manyen dlo inondasyon an.
- Manje nan yon kote ki sèk epi lave menw souvan.

DLO



- Dlo vil la (dlo nan tiyo): ou ka bwè li si pa gen lòt avètisman.
- Dlo nan pwi: bouyi li 1 minit oswa itilize dlo nan boutèy.
- Si dlo a sal oswa gen move sant, sèvi ak dlo nan boutèy.

MANJE



- Jete tout sa dlo inondasyon te tonbe sou yo ak manje ki gate fasil.
- Frizè: si pa gen kouran plis pase 6 èdtan, kenbe sèlman sa ki toujou fè glas.
- Frijidè: kenbe fwi, legim, ji ak lòt pwodwi.

NETWAYAJ AK MWAZI



- Mwazi ka fè moun malad.
- Netwaye epi seche tout kote ki te anba dlo. Jete bagay ki mouye.
- Kesyon? Kontakte nenpòt konpayi Régie du bâtiment du Québec (RBQ) rekonèt.



Bezwen èd?

Ijans : 911

Info-Santé / Info-Social :
811

Vil Montréal : 311

Services Québec :
1 877 644-4545

Sekirite piblik :
1 888 643-2433

